

# SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

## MANNO EJÈN: LYENZANDÒ OTÈ: GARY S. DANIEL

Konnen lekriti yon moun se yonn, men gen chans konnen mounlan, frekante li, jouk ou rive konprann trè entansite karakteristik fè li plimyank li ye a, se yon katafal pyès vivasyon nan pasaj lekzistans fizik ak espirityèl yon zanmi kammarad ka jui sou latè. Papiyon Nwa, Manno Ejèn jounen jodi a, jenn adaran dantan Mouvman Kreyòl la, tankou anpil lòt ankò, te konn tande radyo epi patisipe nan prezantasyon kiltirèl nan lane 1960 yo. Li tetoujou pre pou l'ede, akomode, plimaye, pouse sa yo ki pa te ankò konprann enpòtans lakilti nan vivans yon pèp tankou pèp Ayisyen an. Malgre li te gen rezon santimantal ki te fè li rele tèt li "Papiyon Nwa", chwazi non sa a déjà ba yon moun pwofondè eskanp lamouray kiltirèl la nan souf yon aktivis vanyan, ki lakay kouzenan.

Lane vale teren, dòt kon lezòt tande, li, kontre mounite, lanmounite sou tout pant dyapazon ki mennen jouk nan boutkonpreyansyon enkonpreyansyon tout lide san limit enpoze a fasde fas lekzistans Papiyon Nwa. Konsa, Labalèn ak lasirèn mennenchwe kim vag dlo sale pou lave deriv move chale ozanviwon malpalan nan chanje sa n pa konprann nan liminasyon fènwa ansilans inivèsalite lavi. Jodi jou, nou kapab di Papiyon Nwa pa lòt moun pase Manno Ejèn ki gen non ofisyèl Emmanuel Eugène. Poutan, se yon non liderefize pote piske se pa an kreyòl li ekri. Anfèt, tout mounkonnen dejà ti non moun yo rele Emmanuel se Manno. Manno Ejèn fè pase, nan tout sa li ekri, souf nam li ki plante nanrasin mounite peyi li. Malgre li te wè jou Kiba, sa pa anpeche reyon soley souf oksjèn ayisyèntè, ki rантre nan de two nen li yo, pote elektrik chaj ki sèvi kòm katalis yon batman kè ki anrasinen nan lakou Ayiti. Manno pale epi ekri sèlman an kreyòl pou kreyòl yo an patikilye e lemonn an jeneral. Kit se esè, nouvèl osinon pwezi, se avèk lang kreyòl la Manno kore yo. Koumanse nan "Vwa Zandò" (2007) pou rive sou "Se Mwen ki Mwen" (2024), san konte tout lòt lyannaj lekriti mapou Manno simen. Yo tout se miwataj pawoli valiz imajinasyon dirèk kreyativite li jouke pou yo pote yon mesaj konsekhan, yon lòt kreyolizay jon rara pou yon endijenis an evolisyen. Manno prezan nan tout manifestasyon, kote kilti ayisyen an ap ap toke kòn li avèk lòt fòs ki vle konprann yo gen pouvwa desounnen sou li. Kit se manifestasyon politik kit se prezantasyon kiltirèl e pa mande memm pou patisipe nan nenpòt diskisyon kiltirèl, kote rasin ak itilazony lang kreyòl la menase. Ak publikasyon "Vwazandò" nou jwenn yon koneksyon ant lòm,

Manno Ejèn, ak souf espirityalite ki kouvri kreyasyon nanchon an nan limiyè lapriyè premye sammba mistik nasyon an, Diti Boukmann. Se pa te yon ti koze krache nan zòrèy sa ki vle, osinon

sa ki ta pè tande. Se yon pwononsay sou tout yon nasyon, ki mi pou l'vanse, sépante latè sakre pou tout moun respire yon tan mayilò. Nan gran lakou souvnans lespsi ak pòz nwayo entans yon fòs

endijenis flanm kreyolizay flanban nèf, Manno kanpe nan panteyon liminasyon natirèl vibrasyon souf inik Granmèt la soufle pou li imòtalize pasaj lanmounite san fay yon grandèt san foulay.

"...  
Tennfas nou revandi  
Negritid nou  
Pou retrase jewografi late  
Moulen li avèk men nou  
Louvre lòt fenètspu lorian  
Rekreye lemon avèk rèv nou  
Nan dimansyon pa nou  
..."

"Nou" Vwazandò (2007) paj 44-48

E sou wout ti wòch gwo wòch, wout tè tif plan pye danmen, plimyank lan pa deparande mak pye pa li ak pye nenpòt zannimo, alewè ti zanmouray, paske nan fen fon nanm li, souf ki bay lavi a pa depaman ni pou wou ni pou li. Lè Manno pran pale ak pwòp tèt li, èske se pa yon mwayen pou li sikile san konbit lanmounite nan nou tout ansam. Toujou nan fouye, dige fen fon nanm li, li detoufe:

"...  
Konplotay pou nou sa trikote detrikote  
Toupatou toutotou n ape founi je gade  
Konkòday amezi pou dekòtik sou mezi  
Lyen sere sere ki fè nou sa nou ye  
Marande nou pou sa nou ye  
..."

"Lèt tou dekachte mwen ekri tèt mwen"

Se Mwen Ki Mwen... (2024) paj 63

Nou tout se menm moun lan nou ye, e si nou ta vremarvre kòmanse koze ak tèt nou nan lizay Lyenzandò nou, sou plantasyon lekzistans, nou ta kraze tout mit mistifikasyon pou nou rekòlte lanmounite.

**Lyenzandò**  
Yon lapopilas nèg  
sou plas katedral lage  
nan mitan lavil ak andeyò rasable  
Akò an kadans mezire  
mizisen fanfa ap chofe sou plas

talon sou beton  
bagèt legede ap frape

Timoun granmoun abiye

ze zwa nan lakou Wa

ap parade

Opa kanmarad opa

fyète drapo n an flotezon

pou lèzondi an rap zòt pa di

sa n pa vle di

Son bege pawoli

pou kwape chalè ensipòtab fòs libète

Ochan! ochan!

bèl ochan pou zansèt yo

Desalin, Kristòf, Petyon

yonn an twa wòch dife

Lespsi pote

avèk san yo k'coule pou lapatri kanpe

Alespsi yo ye sou latè beni

eritye nou ye

pou lavi fleri

Anmezi zòt pa vle

lajounen kon lannuit

Lekzistans klete

yo mèt fè sa yo vle  
menmsi yo pa vle n  
n ap kontinye layite.

*Alespwilaye!  
Gary S. Daniel, Nèg Gonbolyen  
Manm Sosyete Koukouy, Prezidan Annapre – REK*

## SE MWEN KI MWEN: YON ANKÈT EKZISTANSYÈL OTÈ: MICHEL-ANGE HYPPOLITE

Se mwen ki mwen: Lèt mwen ekri tèt mwen pibliye nan Edisyon Koukouy, Koleksyon Koukouy, nan premye trimès 2024. Depi sou tit rekèy la, li demonstre nou aklè, li anbake sou yon chemen filozofik. Premye kontak nou avèk rekèy powèm Manno Ejèn lan, mete nou an prezans yon foto chapo, nan mitan koulè ale vini sou divè ton: fonse, pal oswa balizman nan mitan fonek ak pal, mak atizay atis Philippe Fils-Aimé, ki katap atansyon nou.

Chapo se yon senbòl espirityalite. Konsa, prezans fòma chapo prezidan palman larepublik la, nan premye fas kouvèti ak nan twazyèm paj kouvèti liv la, déjà ban nou yon lide, sou oryantasyon imajinè panse ki anndan liv sila a. Se *Mwen Ki Mwen*, se yon liv Manno Ejèn divize an twa sekson: *E ti pwen sa a memm, Yon ti grenn pouzyè, Lèt tou dekachte mwen ekri tèt mwen*.

Nou chwazi poze atansyon nou sou sekson nan liv la ki rele: *E ti pwen sa a memm*. Alaverite, selon yon moun ap evolye nan branch matematik oswa syans biyoloji, li ap genyen yon fason patikilye pou li antre anndan segman liv la, ki rele: *E ti pwen sa a memm!* Moun ki nan matematik yo ap konsidere pwen an apti chak estwòf, divès sekson pati sila a, tankou yon seri aksyon ki ap dewoule yon apre lòt. Nan sans yon seri ti pwen ki ap kannale yon apre lòt, ki se trase yon liy enfini lapanse sakre anndan lespri otè a.

Yon moun ki nan biyoloji pral konsidere chak estwòf yo apati efè yo manifeste sou senk sans li yo. Lè nou konsilte **Lavi moun: Ansiklopedi syans ak Educa Vision**, nou li: « Sans nou yo pèmèt nou gen enfomasyon sou anviwonnan ki alantou nou an. Senk sans yo se: wè, tande, goute, santi ak touche. » (cf. Marcia F. Freeman ak Féquière Vilsaint, 2016:21).

Amezi nou ap li sekson sila a, nan liv Manno Ejèn lan, nou remake se tanzantan yonnan nan senk sans nou yo parèt, disparèt pou li reparèt. Se tankou nou nan yon kanaval sansasyon, kote genyen kèk pamis sans nou yo ki sou pwòp cha pa yo epi ki pran fè ekzibison:

«Men e ti pwen sa a memm  
Ki devan mwen tou piti  
Nan de nawè mwen an  
Yon ti zing tou zuit la  
Zuit zuit net nan limenm nan»  
“Se mwen ki mwen...”(paj 19)  
Nan estwòf sila a se sans wè a ki parèt yon premye fwa.

Pou nou fè konesans avèk sans touche a, nou kapab li estwòf ki pi ba a:

«Ti gratezon anbachal  
Sansasyon anba po san rezon  
Ki nan planmen mwen  
.....  
K ape satouyèt mwen madouyèt mwen»  
“Se mwen ki mwen...”(paj 19-20)

Kanta sans tande a, men ki jan li manifeste:

«Epi e ti bri an soudin sila a  
Soti lwen mennen pre  
Nan tenpan mwen  
Ale vini nan tande mwen  
K ape ensiste san rete»  
“Se mwen ki mwen ...”(paj 20)

Genyen sans gou a tou. Kidonk, nan segman sa a, anndan liv la, genyen plizyè sans ki mete otè a nan yon anvlòp epi li pran fè laviwonnan mitan yo. An nou li pawòl otè a, sou fason nan anprizonnen nan mitan siyal sans li yo ap voye ba li:

«An totomannwèl [totolomannwèl] k ape pivot  
An zinngdekcontraryete  
M ape viwonnen  
Vire sou mwenmenm»  
“Se mwen ki mwen ...”(Paj 36)

Nou ekri totolomannwèl, nan mitan kwochè sou kote mo totomannwèl la, paske nan segman sa a, nou santi otè a te vle fè yon zyedou nan chan leksikal tokay li, Franketienne. Nou kapab twonpe nou, men nou pa konnen ekzistans yon mo kou totomannwèl nan fason otè a itilize li nan liyewezi a. Pi plis toujou, kontèks itilizasyon mo a, anpeche nou klase li tankou non yon moun. Nou konsyan, yon moun ka rele totomannwèl, men pa gen okenn siyal nan liyewezi a ki ban nou koneksyon sila a.

Pou nou rapousuv panse nou, nou ap di, se tankou otè a ansèkle patou epi li ap chèche yon wout pou li sòti:

«Ant vid yon hing a lanvè<sup>1</sup>  
Ak yon hang depaman  
Oubyen hinghanng toupatou  
Ki vlope antoure ansèkle mwen»  
“Se mwen ki mwen ...”(Paj 22)

Menm si otè a remake li ansèkle nan mitan hinghanng, li pa bay gany. Li kontinye pou li di:

Danti twa fwa twa  
Kolye maldyòk mwen pote  
Dantò depi nan rasin Gore.

Konsa, otè a presize, li konnen kote li sòti. Li genyen konfyans nan rasin li. Li di, li se Kamit depi nan rasin non li:

«Kamit depi nan rasin non mwen  
... ki pa fouti detounen

Kote mwen soti a tèt drèt  
Se la m ape tounen.»  
“Se mwen ki mwen ...”(paj 40)

Se avèk dènye estwòf sa a, Manno Ejèn fèmen premye sekson liv li a. Kidonk, sa ki klè pou Manno, se responsabilite nou genyen pou nou chèche rasin nou, tankou defen *Omotunde* te toujou

ap mande nou fè li. Kalite panse powetik Manno Ejèn ap eksperimente nan premye pati liv *Se Mwen ki Mwen an*, nou vle di: «*E ti pwen sa a memm*» se yon awòpoch ki ra anpil anba plim powèt kreyòl yo. Nan segman sila a, ki se premye pati liv la, nou pa jwenn prezans yon lanmou inivèsèl. Se pa lanmou chè pou chè, ni tou se pa yon denonsyasyon sosyal. Se pwòp ekzistans nou kòm moun, ki sòti nan kontinan Lafrik, travèse Latlantik ak chèn nan pye nou, mak sou po nou ki konsène Manno nan pati sa a anndan liv la. Lè nou kòmanse sèvi avèk pwezi, nou ekri an kreyòl pou nou palmante sou eleman ekzistansyèl, ki ale pi lwen pase *primum vivere* a, nou kapab di ekiven Manno Ejèn ap fè bras pou li mennen nou sou yon lòt balkon lapanse, kote nou pral gade ekzistans nou avèk lòt linèt. Se yon pwopozisyon ki anndan Istwa Pwezi Kreyòl Ayiti, Educa Vision (2000).

«Tekst pwezi kreyòl yo dwe anvayi teren refleksyon an pwofondè sou ekzistans nou, konsepsyon nou sou lavi, desepsyon nou, lanmò, linivè, eksetera. Se gras ak efò nou pral deplwaye pou nou kristalize eleman sosyo-afektif yo, eleman ekzistansyèl yo anndan travay atistik nou, kòm ekiven, nou pral rive bay pwezi kreyòl la kalite jèvrin li bezwen pou nou retire li nan ran literati batay tou sèl la, epi rantre li nan tout espas ki karakteze lavi nou kòm kreyenvivan. » (Cf. M-A. Hyppolite, Istwa Pwezi Kreyòl Ayiti, 2000 :217).

Se travay sa a menm, nou santi Manno Ejèn antreprann nan *Se Mwen Ki Mwen : Lèt Mwen Ekri Tèt Mwen*. Li anbreye panse powetik li sou chemen ekzistansyèl. Nan Mouvman Literè Sosyete Koukouy, nou ankouraje lòt ekiven kreyòl yo pran nòt. Afòs nou bat, kanpe pwòp tèt nou san nou pa wete trip pou nou mete pay, nou ap kapab devlope yon panse literè ki sanble avèk nou depi nan rasin Gore jouk rive nan jodi jou nou nan mitan venteyinyèm syèl la. Direksyon sila a, Manno Ejèn ap suiv avèk panse powetik li a chita danble nan vizyon Sosyete Koukouy, ki se: « Asire defans ak pwomosyon lang ak kilti pèp ayisyen an yon fason pou nou tout Ayisyen rive rekonsilye ak pwòp tèt nou, «*Pandan nou ap mennen Ayisyen an sou wout pou li rekonsilye avèk pwòp tèt li* » [Tradiksyon lib] (J. Tanbou, Kaye Kreyòl No.3, p. 31, 2000). Se chemen rekonsilyasyon sa a menm, nou santi Manno Ejèn kòmanse trase avèk *Se Mwen Ki Mwen : Lèt Mwen Ekri Tèt Mwen*.

Li esansyèl pou nou eksploré divès branch lapanse avèk travay powetik nou nan lanng kreyòl la. Afòs nou suiv wout mounite sila a, se pwezi kreyòl la nou ap renouvele pazapa nan enfinite kouran panse ki òne ekzistans nou kòm moun.

*Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn)  
Manm Sosyete Koukouy sekson Kanada  
Manm nan Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA)  
Yon moun ki vle achte Se Mwen Ki Mwen: Lèt tou dekachte mwen ekri tèt mwen kapab ekri nou nan: sosyetekekoukyanada84@gmail.com*

Yo kapab rele nou tou nan nimewo sa yo:

845-213-6189 oswa 514-822-0865

## YON LÈZ ANTREVI PWOFESÈ JOBNEL PIERRE AVÈK MANNO EJÈN NAN LE NOUVELLISTE 6 JUIN 2013 [SEZON PAPIYON]

**L.N:** Vos poèmes, courts et concis, tels des instantanés, sont numérotés de 1 à 162 et composés chacun de six vers. Pourquoi avez-vous décidé d'inventer l'expression « pwezi anwoule »?

**M.E (Manno Ejèn):** Nimewotaj powèm yo se yon fason pou make otonomi yo epi pou montre endepandans chak powèm yon ak lòt. Se tankou yon bann ti ansam ki fè pati yon gwo ansam, kote yon moun gendwa ouvri liv la nan nenpòt ki paj epi li yon powèm poukont li. Owa tou, li yo yon apre lòt tankou se yon sèl panse k ape rapousuiv. Yo prezante tankou yon trèy papiyon an vòtij ki lage, pandan chak papiyon, an loupin, ape mennen pwòp vi yo, nan gwoup la, anndan gwoup la, pandan yo tout ape swiv itinerè gwoup la, rapouswiv objektif gwoup la. Mo anwoule a, se yon lenguis afriken, Georges A. Gangbe Guédou, ki itilize li, nan liv li a « Langage et culture chez les Fon » (Bénin, 1985),